

Konsènan PghCHR

- Komisyon sou Relasyonzimèn (PghCHR) ankete sou ka diskriminasyon nan lojman, travay, akomodasyon piblik, ak nan prestasyon sèvis vil la, tankou lapolis.
- PghCHR ap chèche rezolisyon pou nenpòt moun ki te sibi domaj akoz diskriminasyon.
- Nou travay avèk kominote yo, ansanm ak òganizasyon piblik ak prive, pou edike moun yo aktivman sou egalite dwa ak opòtinite.

Kisa Diskriminasyon ye?

- Diskriminasyon vle di yon diferans nan tretman akoz estati manm ou nan yon **klas pwoteje**.
- Yon klas pwoteje se yon gwoup moun ki pataje yon karakteristik komen epi ki legalman pwoteje kont diskriminasyon akoz karakteristik sa a.
- Nan Vil Pittsburgh, klas pwoteje sa yo pwoteje nan travay, lojman, akomodasyon piblik ak dispozisyon sèvis vil la sof si yo endike otreman:

Laj (plis pase 40 lane, travay sèlman), **Zansèt, Sitiyasyon Sitwayènte** (lojman ak akomodasyon piblik), **Koulè, Andikap/Andikape oswa Gen zannimo tankou Èd, Estati Fanmi** (lojman sèlman), **Idantite/Ekspresyon Sèksyèl, Teksti/Estil Cheve ak Kouvèti Tèt Pwoteksyon ak Kiltirèl, Orijin Nasyonal, Kote Ou Fèt, Lang Prefere** (lojman ak akomodasyon piblik), **Gwosès** (travay sèlman), **Ras, Relijyon, Sèks, Oryantasyon Seksyèl, Sitiyasyon kòm Sivivan Vyolans Domestik** (lojman ak travay), **Pasyan ki nan Tretman pou Mariwana** (travay sèlman)

Ki moun ki ka depoze yon plent?

Nenpòt moun ki santi yo te sibi diskriminasyon nan Vil Pittsburgh ka depoze yon plent. Gwoup(yo) moun oswa òganizasyon(yo) ka depoze yon plent si yo santi y ap sibi diskriminasyon oswa si y ap defann yon moun ki ap sibi diskriminasyon.

Fason pou Kontakte PghCHR

Adrès: City-County Building (Ross St. Side)
414 Grant Street, Room 908
Pittsburgh, PA 15219

Telefòôn Biwo: (412) 255-2600

Sitwèb: www.pittsburghpa.gov/chr

Imel: human.relations@pittsburghpa.gov

*Eskane isit la pou wè
sitwèb nou an oswa
pou jwenn aksè nan
pòtal pou soumèt
demann anliy nou an.*



[Haitian Creole]

**Konnen dwa sivil ou nan
Pittsburgh**

Edikasyon - Kolaborasyon - Applikasyon

RelasyoniziMEN
Komisyón Pittsburgh sou



Ajads dwa sivil ou a